



# COVID-19

## Dezenfekte San Danje Lakay ou

### Did you know?

*Dezenfektan tankou idwojèn pewoksid oswa klowòks enpòtan pou touye viris kowona nan sifas kay yo, men ou dwe itilize yo avèk prekosyon pou evite domaje sante epi fè opresyon vin pi mal.*

### Plan Daksyon

- **Kilè dezenfektan nesesè?** Tout fanmi kapab konsidere woutin dezenfektan nan sifas lakay kote moun manyen anpil (tankou manch pòt yo). Kay kote ki genyen ka COVID-19 konfime oswa ki posib mande pou dezenfekte avèk estrateji epi avèk lòt prekosyon.
- **Timoun yo ki gen opresyon espesyalman sansib a klowòks avèk lòt pwodui chimik yo ki fò.** Sere pwodui sa yo ansekirite, kote timoun pa ka jwenn yo. Lè w ap sèvi ak dezenfektan, louvri fenèt pou lè fre antre, epi pa kite timoun nan zòn nan.
- **Avan w dezenfekte:** Netwaye sifas yo avèk savon + dlo, epi seche pou retire pousyè ak salte. Pou netwayaj yon kay regilye pou elimine pousyè/salte ak kèk mikwòb (men, pa pou tiye tout mikwòb), eseye resèt sa a:
- **Chwazi yon dezenfektan tankou** idwojèn pewoksid, byen dilye avèk klowòks you sèvi nan kay oswa lòt dezenfektan EPA apwouve pou COVID-19.

#### Pwodui Netwayaj Pou Tout Bi pou Netwayaj Woutin

1 tas dlo tyèd  
3 gout savon likid san odè  
½ tas vinèg blan

Melanje engredyan yo nan boutèy espre vid.  
Itilize pou netwaye dives sifas nan kay ou avèk twal mikwo fib oswa papye towel.

- Yo kapab aplike **Idwojèn pewoksid (3%)** nan sifas yo. Si w sèvi avèk yon boutèy espre, itilize reglaj "filyè" a (evite itilize reglaj ki "lejè" a). Kite sifas sèch konplètman (oswa seche li avèk yon papye twalèt apre kite li sou li pandan 6 minit).

[more →](#)



- Yo kapab itilize tou **klowòks òdinè (5.25% or 6%) pou Kay oswa Pou Lesiv.**  
Itilize li avèk pridans:
  - **Pa itilize klowòks endistriyèl ki.** PA JANM melanje klowòks ak amonyak oswa avèk lòt detèjan - sa ka kreye lafimen toksik.
  - **Sekirite:** Louvri fenèt yo pou lè fre rantre. Mete gan. Kenbe timoun yo lwen de zòn nan. Itilize twòp klowòks kapab danjere, espesyalman pou moun ki fè opresyon.
  - **Dilye li avèk pridans:** itilize yon antonwa pou dilye klowòks la avèk dlo frèt. Fè yon valè chak jou paske li ka pèdi fòs li apre kèt tan.

### Resèt Pou Dilye Klowòks

Ti Valè:	Bon Valè:
1 ti kiyè klowòks yo itilize nan kay + 1 tas dlo frèt	1/3 tas klowòks yo itilize nan kay + 1 galon dlo frèt

- **Aplike klowòks ki dilye a avèk pridans:** Dezenfekte avèk pridans lè w ap aplike l sou sifas la jistan l byen mouye. Si w sèvi avèk yon boutèy espre, itilize reglaj "filyè" a (evite itilize reglaj ki "lejè" a).
- **Dire tan pou dezenfektan:** Kite sifas sèch konplètman (oswa seche li avèk yon papye twalèt apre kite li sou li pandan 5 a 10 minit).

## Resources

Pou plis enfòmasyon, ale nan sitwèb:

[healthychildren.org](http://healthychildren.org) epi chèche "Cleaners, Sanitizers, and Disinfectants"

[cdc.gov/coronavirus](http://cdc.gov/coronavirus) epi chèche "Cleaning and Disinfection for Households"

Pou plis enfòmasyon nan Depatman Sante Eta NY, ale nan sitwèb [coronavirus.health.ny.gov](http://coronavirus.health.ny.gov).

Pou tradui, klike sou "Translate" nan kwen dwat anlè a epi chwazi "Haitian Creole".

Pou plis enfòmasyon ale nan sitwèb: [nyscheck.org/covid](http://nyscheck.org/covid) ak [nyscheck.org/rxs](http://nyscheck.org/rxs).

Pou tradui, chwazi "Haitian Creole" nan "Select Language" meni a ki nan anba paj la.

**Èske enfòmasyon sa a te itil?  
Ale nan sitwèb [bit.ly/SaferDisinfectingRx](http://bit.ly/SaferDisinfectingRx) pou fè nou konnen.**

